



## Lé siplemanté (lé ekstra) - Horas Extraordinarias

Eksplikasyon sou kòman yo kalkile e peye w lè w travay plis ke lè ou konn travay nòmal la.

### ◦ **Ki sa ki lè siplemanté yo ye?**

Lè siplemanté yo se tan ou fè ap travay ki depase jounen travay nòmal la, swa ki etabli nan kontra travay la oswa maksimòm legal la ki se 45 èdtan chak semèn.

### ◦ **Nan ki sikonstans yo ka fè yon akò pou bay lè siplemanté?**

Pou satisfè bezwen tanporè konpayi an men se si li p ap afekte eta sante travayè a.

### ◦ **Kòman yo planifye lè siplemanté yo?**

Atravè yon dokiman ki ekri ak yon validite ki pa plis pase twa (3) mwa, e ki kapab renouvle ak yon akò. Si pa gen okenn akò ekri, lè siplemanté a konsidere kòm yon travay eksektiv oubyen ki plis ke jounen travay nòmal la nan konplisite patwon an.

### ◦ **Konbyen tan ou ka fè ap bay lè siplemanté chak jou?**

Yon maksimòm 2è de tan pa jou.

### ◦ **Kòman yo kontwòle lè siplemanté a?**

Anplwayè yo dwe gen yon kote pou anrejistre lè siplemanté yo fè yo, pa egzanp yon kaye asistans oubyen yon aparèy ki ka fè sa.

### ◦ **Kòman yo kalkile pèyman lè siplemanté a?**

Li gen yon valè minimòm 50% lajan yo peye pou jounen nòmal la. Sa vle di, si èdtan chak semèn nan vo \$ 1,000 chak èdtan ekstraòdinè (ekstra) ta dwe vo omwen \$ 1,500.

### ◦ **Kijan yo peye lè siplemanté a lè gen yon salè ki mwens ke salè minimòm nan?**

Yo kalkile dapre valè salè minimòm nan, menm ke travayè a gen yon salè ki pi ba ke salè minimòm nan. Epi yo aplike 50% ki koresponn ak valè lè travay nòmal la.

### ◦ **Kilè yo peye lè siplemanté yo?**

Yo peye l menm lè y ap peye salè nòmal la.

**Enfòmasyon ki nan dokiman sa a se yon materyèl referans pou fè w konprann lwa yo. Men, se pa la lwa, ni se pa yon agiman jiridik legal ke yon avoka kapab itilize.**